



*SÈVIS ENFÒMASYON + ORYANTASYON

Dokiman akèy ki dekri sèvis lokal yo, ekipman yo ak enfòmasyon kiltirèl yo. Seyans oryantasyon pou ede imigran yo konprann kominate lokal la, lwa yo, ak koutim yo.

ASISTANS LENGWISTIK

Kou lang oubyen resous pou ede imigran yo amelyore nivo anglè yo. Sèvis tradiksyon pou dokiman enpòtan ak komunikasyon.

ASISTANS JIRIDIK

Konsèy ak asistans jiridik pou pwoblèm ki gen rapò ak imigrasyon. Enfòmasyon sou dwa ak responsabilite yo nan Etazini. Aktyèlman, Family Promise ap fè demann rekonesans ak akreditasyon nan Depatman Lajistis pou bay yon reprezantasyon jiridik nan dosye imigrasyon yo.

LOJMAN AN IJANS + BEZWEN FONDAMENTAL

Asistans pou bezwen fondamental yo - lojman an ijans, manje, rad, founiti, mèb, èd pou lwave, èd nan sèvis publik yo ak lòt bezwen pou kreye oubyen konsève estabilite.

SIPÒ POU TRAVAY

Èd pou chèche travay, atelye pou ekri CV ak preparasyon pou entèvyou. Enfòmasyon sou salon travay lokal ak opòtinite pou travay.

ÈD POU LOJMAN

Konsèy pou w jwenn yon lojman ki abòdab. Asistans finansye lè sa posib. Enfòmasyon sou dwa ak responsabilite lokatè yo.

ENFÒMASYON SOU SWEN SANTE

Konsèy pou w jwenn aksè ak sèvis sante yo. Enfòmasyon sou opsyon nan kesyon asirans maladi epi sou swen gratis/a ba pri.

RESOUS EDIKATIF

Enfòmasyon sou lekòl lokal yo, kolèj yo ak pwogram fòmasyon pou granmoun. Asistans nan pwoesis enskripsiyon yo.

PWOGRAM KILTIRÈKL + KOMINOTÈ

Evènman ak pwogram k ap valorize divèsite kiltirèl yo. Inisyativ entegrasyon kominotè, tankou pwogram echanj kiltirèl yo.

SÈVIS SOSYAL

Aksè ak sèvis èd sosyal, tankou konsèy ak resous nan kesyon sante mantal. Enfòmasyon sou kominate lokal ak gwoup sosyal yo.

REPONS POU TWOMATIS YO

Pwogram espesyal ak èd pou fanm ak timoun ki imigre yo te trafike, abize ak twomatize.

POSIBLITE REZOTAJ

Rankont oubyen evènman k ap pèmèt imigran yo rantre an kontak youn avèk lòt epi ak kominate lokal la. Pwogram parenaj pou konekte moun ki fenk vini yo ak sa ki gen rezidans yo.



ASISTANS GOUVÈNMANTAL + ADMINISTRATIF

Èd pou fè rechèch nan sèvis gouvènmantal yo ak fòmalite administratif yo. Enfòmasyon sou resous kominotè ak gouvènmantal lokal yo.

ENFÒMASYON SOU TRANSPÒ

Enfòmasyon sou fason pou w jwenn pèmi kondui ak imatrikilasyon pou machin ou. Èd pou transpò (ti bis FP oubyen Uber) sou yon baz ki limite.

PWOGRAM EDIKASYON FINANSYE

Atelye sou bidjetizasyon, operasyon bankè, ak planifikasyon finansye. Enfòmasyon sou pwogram asistans finansye ki disponib yo.

SANSIBILIZASYON KOMINOTÈ +

PLEDWARI Pledwari pou dwa ak reprezantasyon imigran yo. Inisyativ pou sansibilize ak pou favorize konpreyansyon ak akseptasyon nan kominote a.

SÈVIS GADRI

Enfòmasyon sou opsyon pou gadri lokal yo. Entegrasyon nan gadri Family Promise, si li disponib. Èd pou enskri timoun yo lekòl.

KONTAK

 **ZÒN:** 201 W. Main Street, Level 3, Plainfield, IN 46168

 **TELEFÒN:** 317-296-3742

 **IMÈL:** INFO@FamilyPromiseHendricksCounty.org

 **ESTAF:** Mariela Lozano: Direktè imigrasyon - Mariela@FamilyPromiseHendricksCounty.org
Carlos Murillo: Avoka imigrasyon - Carlos@FamilyPromiseHendricksCounty.org
Jorge Portillo: Konseye jiridik - JorgeP@FamilyPromiseHendricksCounty.org
Katy Beringer: Kowòdonatè edikasyon - Katy @FamilyPromiseHendricksCounty.org

 **RANDEVOU:** Tanpri pran yon randevou pou w ka jwenn èd pa telefòn oubyen pa imèl. Mèsi!

